

*Mipiro yeChegumi  
neyeKutsanya*



*“Uyai nezvegumi zvose muimba  
yokuvigira, . . . mundiidze nai-  
zvozvo, ndizvo zvinotaura Jehova  
wehondo, muone kana ndisinga-  
kuzarurirai mawindi okudenga,  
ndikakudururirai makomborero,  
amuchashaiwa pokuisa.”*

**Maraki 3:10**

**B**aba vako Vekudenga vanokuda uye vanoda kukuropafadza muzvikamu zvose zveupenyu hwako. Mirairo yaVanopa kuburikidza nevaporofita Vavo inozokubatsira kuti urarame upenyu hunerufaro. Murairo wekubvisa chegumi, uyo wakadzorerwa kuburikidza neMuporofita Joseph Smith, unokupa mukana wekutora chinhano mukuvaka umambo hwaMwari panyika.

Kuteerera kumurairo uyu ifaniri yerubhabhatidzo muChechi yaJesu Kristu yaVatendiVamazuva Ekupedzisira.

### *Chegumi Chii?*

Chegumi chipo chaunopa kuChechi yaMwari chechikamu chimwechete kubva mugumi chemari inowanikwa nemunhu.. Murairo uyu wakagara uchizivikanwa kubvira panguva dzeTestamente Yekare. Muporofita Maraki akadzidzisa kukosha kwechegumi nemaropafadzo anouya kubva pakuteerera mutemo uyu.

“Uyai nezvegumi zvose muimba yokuvigira, . . . mundiidze naizvozvo, ndizvo zvinotaura Jehova wehondo, muone kana ndisingakuzarurirai mawindi

*Maropafadzo  
makurusa anovimbiswa  
kune avo vanoteerera  
murairo wekubvisa  
chegumi.*

okudenga, ndikakudururirai makomborero, amuchashaiwa pokuisa.” (Maraki 3:10).

Muna 1838 Ishe vakadzokorora kutaura murairo uyu kuburikidza neMuporofita Joseph Smith:

Ishe vakati vanhu Vavo vachabvisa chikamu chimwechete kubva mugumi chezvavanowana pagore. Uyu uhave mutemo wakamiswa kwavari nokusingaperi (ona Dzidziso neZvibvumirano 119:3–4). *Zvaunowana pagore* zvinonzwisiswa kureva kuti mari yaunowana.

Zvegumi zvako zvitsvene kuna Ishe, uye unoVakudza nekubvisa chegumi. Kubvisa chegumi chiratidzo cherutendo rwako munaMwari nebasa Ravo.

### *Sei Ndichifanira Kupa Chegumi?*

Chese chinhu chakanaka muupenyu hwako chipo kubva kuna Baba vako Vekudenga vane rudo. Apo paunopa zvikamu gumi kubva muzana kwaVari mukudzorera zvavakakupa, unoratidza rudo rwako, rutendo nekutenda kwako. Unoratidza Mwari kuti uchaVatevera kunyange apo pazvingange zvakaoma; unoVaratidza kuti uchavimba Navo kunze kwekuvimba nemari kana zvinhu zvepanyika. Nokuda kwekutendeseka kwako, Baba vako Vekudenga







vanokuvimbisa maropafadzo akakurisisa kupfuura chimwe chinhu chaunopa.

Kunyange vamwe vanhu vachinetseka kubvuma kuti vanokwanisa kupa chikamu chimwechete kubva mugumi chemari yavo yavanowana, vabvisi vechegumi vakatendeka vanodzidza kuti kusabvisa chegumi kunozovashaisa maropafadzo akawandisisa.

Munzira yechokwadi inoshamisa, mahwindo edenga anozarurwa, uye maropafadzo anodururirwa pavari. Sekutsanangura kwakaita vamwe amai vaiva shirikadzi kumwanakomana wavo vachiti, “handikwanise [kukurera imi vana] ndisina maropafadzo alshe, uye ndinowana maropafadzo iwayo nokubvisa chegumi chechokwadi. Apo pandinobvisa chegumi changu, ndine vimbiso yaIshe yekuti anozotiropafadza, uye tinofanira kuva nemaropafadzo iwayo kuti tirarame” (Dallin H. Oaks, *Ensign*, Chivabvu 1994, 33).

Simba rezvemweya rinouya kubva pakuvimba naIshe. Apo patinotarisisana nezviedzo zvakakomba zvikuru zveupenyu, tinoda rutendo, femero, neushingi

*Kubvisa chegumi  
kunoratidza rutendo  
rwako munaJesusu  
Kristu. Apo  
paunovimba Navo,  
unozogashira simba,  
nhungamiro, netsigiro  
yaunoda muupenyu  
hwako.*





zvakanwedzwa, Maropafadzo aya anokwanisa kudururwa kubva mumahwindo edenga semubairo wekuteerera mutemo wechegumi.

Pamusoro pazvo, vanhu vazhinji vanoona kuti nokuda kwekuti vabvisi vechegumi vakatendeka vanokwanisa zvirinani kubata mari dzavo nekuzadzisa zvidikanwi zvavo. Kubvisa chegumi kunotidzidzisa kudzora zvido zvedu zvezvinhu zvepanyika uye kuva takavimbika kune vamwe vanhu. Tinodzidza kuvimba kuti zvatapihwa, kuburikidza nemaropafadzo aIshe uye nekushanda nesimba kwedu pachedu, zvakanwanira zvidikanwi zvedu.

Zvisinei nehuwandu hwemari yaunowana, unozoropafadzwa apo paunobvisa chegumi. Apo Jesu paakaona mukadzi achiisa makobiri ake mashoma muchivigiro chemari yetemberi, Akataurira vadzidzi Vake kuti, “Shirikadzi iyi iri murombo, yakaisa zvizhinji kunaavo vose vakaisa muchivigiro: asi iye . . . wakaisa achitora pakushaiwa kwake“ (Marko 12:43–44).

## *Mari dzeChegumi Dzinoshandiswa Sei?*

Chegumi mutemo walshe wemari yeChechi Yavo. Zvipo zvechegumi zvinoshandiswa nguva dzose ku-zvinangwa zvalshe, izvo zvaVanozarura kuburikidza nedare revaranda Vavo. Kumwe kushandiswa kwacho ndeuku:

- Kuvaka nekuchengetedza matemberi, machechi, nezvimwe zvivako zveChechi.
- Kutsigira zviitwa nemashandiro emagungano eChechi yenzvimbo iyoyo.
- Kutsigira zvirongwa zveChechi, kusanganisa dzidzo netsvagurudzo yenhoroondo yemhuri.

Zvegumi zvinobviswa muchivande, uye ruzivo pamusoro pezvipo zvinobviswa harutomboratidzwa kana kuudzwa kuna ani zvake.



## *Kutsanya neMipiro yeKutsanya.*

Pamusoro pekubvisa chegumi, tinorairwa kuti tipe zvinhu zvedu kubatsira varombo nevanoshaya. Imwe nzira yekuita izvi ndeyekutsanya uye nekusadya kana kunwa kwenguva dzokudya mbiri dzakatevedzana.

Ishe vakadzorera musimbote wokutsanya kuburikidza neMuporofita Joseph Smith, uye Chechi inosarudza musi weSvondo mumwechete pamwedzi sezuva rekutsanya. Kutsanya, kwakagara kuri chiratidzo chechechi yechokwadi, mukana wevandudzo yezvemweya nekuswedera padyo naBaba vedu Vekudenga.

Sechikamu chekutsanya, nhengo dzeChechi dzinopa mupiro wekutsanya usina rutsuta wekuriritira varombo nevanoshaya. Mupiro uyu unofanira kuva usiri pasi pekukosha kwemutengo wekudya kwenguva dzekudya kuviri kusina kudyiwa nenhengo yeChechi apo payanga ichitsanya. Mari idzi dzinoshandiswa kupa zvokudya, pekugara, nezvimwe zvidikanwi kuvanhu vanoshaya, zvese munharaunda nepasi rose.

Hapana mwero wakatarwa wehuwandu hwezvipa zvemipiro yekutsanya. Apo paunopa zvisina rutsuta kumari idzi, unozoropafadzwa zvese pane zvemweya nezvepanyama nokuda kwechido chako chekubatsira vamwe.







## ZVIMWE ZVEKUDZIDZA

Mibvunzo nezvinyorwa zvitsvene zvinotevera zvinozo-kubatsira kufungisisa zvakare pamusoro pemisimboti iri muchibhuku chino. Zvinyorwa zvinotsanangura zvepazasi nemajerero zviri mumagwaro matsvene zvinozokutungamirira kundima nemamwe mabhuku zviri pamusoro pemisimboti iyi.

### Sei chegumi chakakosha?

Revitiko 27:30 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

Ruka 12:16–21 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

### Maropafadzo api anouya kubva mukubvisa chegumi?

Maraki 3:8–12 (Bhaibheri, Testamente Itsva; onawo 3 Nifai 24:8–12, Bhuku raMormoni, peji 571)

Mateo 6:31–33 (Bhaibheri, Testamente Itsva; onawo 3 Nifai 13:31–33, Bhuku raMormoni, peji 547)

“Tithing,” *True to the Faith* (Vashumiri kana nhengo yeCheschi vanokwanisa kukubatsira kuwana chibhuku ichi. Unokwanisawo kuchiwana paindaneti pawww.mormon.org.)

### Ndingabatsire sei varombo nevanoshaya?

{Isaya 58:6–7 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

Mateo 19:21 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

Mosaya 4:26 (Bhuku raMormoni, peji 195)

# Chii Chandinofanira Kuita?



- Ramba uchiverenga Bhuku raMormoni.

Zviverengo zvakapihwa: \_\_\_\_\_

- Tanga kubvisa chegumi chakazara. Namatira rubatsiro mukuchengeta murairo uyu.

- Enda kuchechi musu weSvondo uno.

- Ramba uchigadzirira rubhabhatidzo.

Dheti rerubhabhatidzo: \_\_\_\_\_

- Enda kuwww.mormon.org kuti udzidze zvimwe zvakawanda pamusoro peChechi yaJesusu Kristu yaVatendi Vamazuva Eku-pedzisira.

- Ramba uchisangana nevashumiri kuti udzidze zvimwe zvakawanda pamusoro pekuti mirairo yaMwari inokwanisa kuropafadza upenyu hwako sei.

Dheti nenguva dzekusangana kunotevera: \_\_\_\_\_

Mazita nenhamba dzerunhare dzevashumiri:

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

CHECHI  
YAJESU KRISTU  
YAVATENDI  
VAMAZUVA EKUPEDZISIRA

[www.mormon.org](http://www.mormon.org)

#### Vanhu Vakaita Mifananidzo

Mufananidzo wepakavha yepamberi, wakabva panewaKristu neMutongi Muupfumi weChidiki, naHeinrich Hofmann, Courtesy C. Harrison Conroy Co., Inc.  
Peji 8, mufananidzo wakabva panewaZvose Izvo Zvaiva Nazvo, naSimon Dewey. © Simon Dewey  
Peji 5, 6, 11, 13, 14 naCraig Diamond

©2012 naIntellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 2/06. Mvumo yeKududzirwa: 2/06.  
Dudziro ye Tithing and Fast Offerings. Shona. 01199 731

SHONA



4

02011 99731

5

01199 731